

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Panalungtikan

Nilik kana kaayaan kiwari, carita pantun téh kaasup salasihiji *genre* sastra lisan Sunda anu ampir leungit (Koswara, spk., 2014, kc. 127). Padahal carita pantun kaasup kana carita sampakan, hartina éta carita dianggap asli, gelarna lain pangaruh atawa nyonto tina karya sastra séjén (Rosidi, 2009, kc. 31).

Lalakon pantun mangrupa gambaran masarakat Sunda buhun dina némbongkeun kapercayaan masarakatna. Dina lalakon pantun, écés kagambarkeun falsafah jeung kapercayaan karuhun baheula anu kaasup kénéh kana masarakat mistis-spiritualis, anu hirup dina alam agraris. Ku kituna carita pantun mangrupa simbol budaya jeung kapercayaan masarakat Sunda anu dianggap sakral. Matak fungsi mimiti carita pantun nyaéta pikeun ritual anu teu bisa sagawayah dicaritakeun. Hal-hal anu kiwari dianggap dongéng, ku masarakat Sunda baheula mah dianggap mitologi atawa sajarah faktual. Réréana lalakon pantun nyaritakeun ménak Pajajaran atawa tokoh-tokoh sajarah anu dianggap boga kalungguhan luhung, malah mah dianggap déwa. Upamana lalakon Ciung Wanara, Mundinglaya di Kusumah, Nyi Sumur Bandung, Lutung Kasarung, jeung lian-lianna.

Carita pantun Lutung Kasarung kaasup salasihiji tina carita pantun anu dianggap paling buhun lian ti Mundinglaya di Kusumah jeung Ciung Wanara. Lian ti éta, Lutung Kasarung dianggap carita pantun anu panghadéna sarta anu luhur ku ajén-inajén sarta falsafah. Carita Lutung Kasarung ogé dianggap carita anu pangkaramatna.

Henteu saban juru pantun wanieun mantunkeun lalakon Lutung Kasarung lantaran dianggap karamat sarta gedé kapamalianan. Dina waktu mantun, juru pantun miboga kapercayaan yén galur carita pantun Lutung Kasarung téh muka lakon dunya luhur anu kacida sakralna pikeun manusa. Ieu hal kasampak dina lalampahan Guru Minda anu bolak-balik ti kayangan ka dunya manusa, tuluy Sunan Ambu jeung pohaci sarta bujangga anu nulungan Purba Sari.

Sumardjo (2012) nyaruakeun tingkat karamatna Lutung Kasarung jeung Mundinglaya Di Kusumah lantaran dua pantun éta téh nyaritakeun diwangunna

Nesa Wara Puspita, 2022

Carita Pantun Sunda Lutung Kasarung (Ulukan Struktur, Motif, Semiotik, jeung Intertekstual)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

mandala *vertikal* dina diri nu boga lakon. Galur dua carita pantun téh nyaritakeun tokoh Purba Sari Ayu Wangi jeung Mundinglaya ngalaman prosés jadi “jalma suci” anu ngahiji jeung Dunia Atas. Carita pantun Lutung Kasarung mangrupa problem kosmologi Hindu-Budha-Sunda dumasar kana konsep budaya primordial ngahuma (*berladang*).

Ti baheula, geus aya sababaraha publikasi ngeunaan carita Lutung Kasarung. Teks anu asli ditulis ku Argasasmita, mantri kudang kopi Kawularang (Majalengka) anu dipublikasikeun ku C.M Pleyte. Téksna disimpen di rohangan naskah Museum Pusat Jakarta (Suniarti, 1990). Naskah mimiti éta téh jadi dadasar tina naskah carita

Lian ti Pleyte, aya ogé disertasina F.S Eringa anu medar ngeunaan carita Lutung Kasarung taun 1949. Kiwari, carita pantun Lutung Kasarung geus ngalaman rupa-rupa transformasi boh kana wangun prosa boh puisi, boh sacara visual. Lutung Kasarung geus ditransformasi kana wawacan ku Engka Widjaja, kana wangun tembang ku Saleh Danasasmita jeung Ade Kosmaya, wangun prosa ku Ajip Rosidi anu judulna “*Purbasari Ayu Wangi*”, sarta dina wangun film anu jadi film mimiti di Indonesia taun 1926.

Nepi ka ayeuna, carita Lutung Kasarung dipikawanoh jadi dongéng anu asalna ti Jawa Barat. Masarakat umumna mikawanoh carita Lutung Kasarung minangka carita déwa anu néangan pijodoeun di dunya panca tengah atawa bumi. Lian ti éta, *rivalitas* antara Purba Sari Ayu Wangi jeung Purba Rarang ogé jadi hal anu geus umum dipikawanoh ku balaréa dina carita Lutung Kasarung. Dina carita Lutung Kasarung anu kitu téh pinuh ku simbol jeung siloka gambaran kapercayaan masarakat Sunda buhun. Misalna kapercayaan masarakat kana tripartit tilu dunya nyaéta Dunya *Atas* tempat Sunan Ambu jeung pangeusi kayangan, Dunya Panca Tengah tempat cicingna manusa, jeung Buana Larang tempat anu panghandapna. Rivalitas adi-lanceuk ogé mangrupa gambaran kapercayaan dua pihak (luar jeung jero, lalaki jeung awéwé, bapa jeung indung) anu sipatna antagonistik.

Ajip Rosidi jeung tim Proyek Penelitian Foklor Sunda (1973) ngadokuméntasikeun sababaraha carita pantun, salasihijina nyaéta carita pantun Lutung Kasarung (anu ka dituna disingget LKA). C.M Pleyte ogé ngadokuméntasikeun carita pantun taun 1911. Dina bukuna, aya tilu carita pantun

nyaéta Nyi Sumur Bandung, Lutung Kasarung, jeung Ciung Wanara (Carita pantun Lutung Kasarung versi C.M Pleyte ka dituna disingget LKP).

Boh LKA jeung LKP ngagambarkeun transformasi manusa biasa jadi manusa. Tapi saméméh jadi manusa sampurna sacara spiritual-vertikal, anu boga lalakonna kudu ngalaman rupa-rupa cocoba. Carita pantun Lutung Kasarung lain ukur ngeunaan raja/déwa anu néangan pijodoeunana. Tapi leuwih ti éta carita Lutung Kasarung téh euyeub ku kapercayaan masarakat, sarta carita dina ngabéla anu hak tina panganiaya anu sarakah. Dina carita pantun Lutung Kasarung kasampak loba simbol-simbol jeung siloka anu jadi kapercayaan masarakat Sunda baheula. Misalna waé, si cikal jeung si bungsu, biasana si bungsu nu ahirna meunang. Ayana ieu rivalitas mangrupa dualisme kosmologi antagonistik anu silih ngéléhkeun. Si cikal hayang ngéléhkeun si bungsu, lalaki ngéléhkeun awéwé, panonpoé ngéléhkeun bulan, jst. Sababaraha hal éta anu jadi kasang tukang ulikan unsur sémiotik dina ieu panalungtikan.

Aya dua versi carita pantun Lutung Kasarung anu jadi obyék dina ieu panalungtikan. Versi kahiji dipublikasikeun ku C.M Pleyte (LKP) jeung versi kadua nyaéta Lutung Kasarung anu dipublikasikeun ku Ajip Rosidi (LKA). LKP mah maké gaya pantun Galuh-Priangan najan teu disebutkeun daérah asal jeung saha anu mantunkeunana. Sedengkeun LKA dipantunkeun ku Ki Sadjin ti Baduy. Sanajan ti Baduy jeung miboga ciri sakumaha pantun Baduy, dina LKA ngasupkeun carita Karajaan Galuh anu biasana identik jeung gaya pantun Priangan. Hal anu disebutkeun téh jadi kasang tukang panalukan intertékstual carita LKP jeung LKA.

Lalakon carita pantun Lutung Kasarung boh LKP boh LKA miboga hal-hal anu sarua jeung pantun séjénna. Misalna waé parebutan kakawasaan atawa karajaan, jalma sakti anu salin rupa, sarta ayana tokoh Sunan Ambu. Sunan Ambu téh luyu jeung kapercayaan Sunda buhun di mana nempatkeun Indung (simbol wanoja) di tempat pangluhurna. Dina kapercayaan Sunda buhun mah, Sunan Ambu, bujangga, katut para pohacina téh mangrupa kakuatan anu salilana ngaping ngajaring hirup manusa dina nyanghareupan karerepet jeung rupa-rupa cocoba (Rosidi, 2009, kc. 51).

Nesa Wara Puspita, 2022

Carita Pantun Sunda Lutung Kasarung (Ulikan Struktur, Motif, Semiotik, jeung Intertekstual)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Hal-hal anu mindeng kasampak dina unggal carita pantun téh disebut motif atawa minangka hal anu ngagerakeun carita. Motif-motif anu mindeng kapanggih dina hampir kabéh carita pantun di antarana motif tokoh anu ngumbara boh pikeun néangan jodo, mekarkeun wilayah, atawa dina raraga nyampurnakeun diri sacara simbolis, motif ngimpi, jeung motif kosmologi Sunda anu digambarkeun lewat tokoh-tokoh dunia luhur saperti Sunan Ambu, salasihiji tokoh dominan anu dianggap karuhun raja-raja Pajajaran, pangawasa di kayangan.

Dumasar kana pedaran di luhur, ieu panalungtikan miboga maksud ngawanohkeun deui carita Lutung Kasarung dina wangun anu aslina nyaéta carita pantun. Carita Lutung Kasarung baris dianalisis motif-motif jeung simbol-simbol (sémiotik) anu kasampak dina carita, lian ti éta diulik ogé ngeunaan struktur jeung intertékstualna. Nganalisis motif anu aya dina carita pantun téh dumasar kana motif indeks nu disusun ku Stith Thompson (1966). Stith Thompson nyusun rupa-rupa motif nu dipaké pikeun nganalisis dongéng atawa wangun sastra klasik séjén dina bukuna “*Motif-index of Folk-literature : a Classification of Narrative Elements in Folktales, Ballads, Myths, Fables, Mediaeval Romances, Exempla, Fabliaux, Jest-books, and Local Legends*”. Ieu buku disusun jadi 6 jilid sarta motif-motifna digolongkeun kana 23 katégori.

Saméméh medar ngeunaan motif-motif anu aya dina carita pantun Sunda, dipedar heula ngeunaan strukturna. Dina ieu panalungtikan, strukturna dipedar ngagunakeun tiori Greimas.

Analisis naratif nurutkeun Greimas, aya dua tahapan struktur nyaéta (1) struktur lahir, nyaéta ngajelaskeun hiji carita (caritaan); jeung (2) struktur batin, nyaéta tataran *imanén*, anu ngawengku (a) tataran analisis sintaksis naratif (skéma aktan jeung fungsional) jeung (b) tataran diskursif.

Kiwari, panalungtikan ngeunaan carita pantun Sunda kawilang leuwih saeutik batan panalungtikan téks naskah (*manuscript: handschrift*). Ieu hal lantaran sastra lisan Sunda mulai leungit ku kamekaran jaman. Ku kituna, juru pantun anu baheula populer ngagelar pintonan carita pantun ayeuna geus beuki ngaheureutan ruang lingkupna. Panerbitan carita pantun di taun 2000-an beuki langka pisan sabab masarakatna ogé réa anu teu wanoh kana carita pantun. Kacatet ngan aya dua judul

carita pantun anu terbit di taun 2000-an nyaéta *Carita Pantun Jagat Rasa* beunang Dedi Koswara spk. jeung *Lutung Leutik* beunang Ki Umbara.

Ku ayana kaayaan saperti nu geus dijéntrékeun, kudu aya tarékah sangkan carita pantun anu sumebar di masarakat Sunda tetep dipikawanoh sarta tuluy dimekarkeun minangka salasihiji warisan budaya anu ngarojong kana budaya nasional. Kitu deui carita pantun anu geus direkam, dipublikasikeun, jeung disebarluaskeun, salasihijina ku Ajip Rosidi taun 1971-1974. Carita-carita anu geus didokumentasikeun kudu diperhatikeun sangkan bisa ngungkab sahenteuna ngeunaan konsép carita pantun sarta kumaha cara ngamekarkeun caritana. Leuwih jauhna bisa ngungkab puseur carita pantun éta sorangan sarta medar ngeunaan simbol jeung ajén-ajénna.

Judul carita pantun anu geus kapaluruh téh kawilang réa najan aya bangbaluh dina meunangkeun téksna. Carita-carita pantun lolobana geus jadi koléksi musieum misalna waé koléksi PNRI (Jakarta), atawa bisa jadi koléksi musieum daerah saperti di musieum Sri Baduga (Bandung) atawa musieum Prabu Geusan Ulun (Sumedang).

Aya sababaraha carita pantun Sunda ti rupa-rupa daérah di Jawa Barat anu geus direkam tur dipublikasikeun ku Proyék Penelitian Pantun dan Folklor Sunda ti taun 1971 nepi ka taun 1974 anu dipupuhuan ku Ajip Rosidi. Éta hasil panalungtikan téh tuluy disumebarkeun ka lingkungan deukeut nu kawatesanan. Aya ogé anu ngahaja dialih-basakeun ka basa Indonésia ku Ajip Rosidi dina raraga ngawanohkeun carita pantun sacara nasional.

Panalungtikan ngeunaan carita pantun geus sababaraha kali dilaksanakeun. Di antarana panalungtikan anu judulna “*Nilai-nilai Pendidikan Karakter Bangsa dalam Khazanah Sastra Sunda Klasik: Transformasi dari Kelisanan (Orality) ke Keberaksaraan (Literacy) Carita Pantun Mudinglaya di Kusumah (Kajian Struktural-Semiotik dan Etnopedagogi)*” taun 2014 ku Dedi Koswara, Spk; “*Analisis Motif dan Leitmotif Cerita Pantun Sunda*” taun 1998 ku Idat Abdulwahid; jeung “*Carita Pantun Munding Jalingan dalam Implementasi Kurikulum 2013 Berorientasi Higher Order Thinking Skills*” taun 2020 ku Cucu Kartini (Disertasi).

Tina tilu panalungtikan di luhur, dipedar ngeunaan struktural jeung ulikan séjénna nyaéta ulikan semiotik jeung étnopédagogi. Anu dipedar dina ieu

Nesa Wara Puspita, 2022

Carita Pantun Sunda Lutung Kasarung (Ulukan Struktur, Motif, Semiotik, jeung Intertekstual)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

panalungtikan nyaéta ulikan struktural tina carita pantun Sunda Lutung Kasarung, motif-motif, jeung sémiotik anu kapaluruh sarta dianalisis ogé intertékstualna. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Carita Pantun Sunda *Lutung Kasarung* (Ulikan Struktur, Motif, Sémiotik, jeung Intertékstual)”.

1.2. Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang, idéntifikasi masalah dina ieu panalungtikan téh nyaéta:

- 1) struktur carita pantun LKP jeung LKA anu diulik ngagunakeun tiori Greimas;
- 2) motif carita pantun LKP jeung LKA anu kasampak dina eusi carita;
- 3) unsur-unsur sémiotik dina carita pantun LKP jeung LKA;
- 4) intertékstual dina carita pantun LKP jeung LKA.

1.2.2. Rumusan Masalah

Rumusan masalah dina ieu panalungtikan nyaéta sakumaha dipedar di handap.

- 1) Kumaha analisis struktural dina carita pantun LKP jeung LKA?
- 2) Motif naon waé anu aya dina carita pantun LKP jeung LKA?
- 3) Kumaha analisis unsur sémiotik dina carita pantun LKP jeung LKA?
- 4) Kumaha analisis intertékstual dina carita pantun LKP jeung LKA?

1.3. Tujuan Panalungtikan

Tujuan panalungtikan ngawengku 1) tujuan umum sarta 2) tujuan husus.

1.3.1. Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh struktur carita pantun Sunda Lutung Kasarung, maluruh motif-motif anu aya dina carita pantun LKP jeung LKA, maluruh ngeunaan sémiotik, sarta intertekstual anu aya dina carita pantun LKP jeung LKA.

1.3.2. Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan pikeun maluruh opat hal, nyaéta:

- 1) struktur carita pantun LKP jeung LKA;
- 2) motif carita pantun LKP jeung LKA;
- 3) unsur semiotik dina carita pantun LKP jeung LKA;
- 4) intertékstual dina carita pantun LKP jeung LKA.

1.4. Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku 1) mangpaat téoritis jeung 2) mangpaat praktis.

1.4.1. Mangpaat Téoritis

Mangpaat téoritis dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngeuyeuban dunya paélman ngeunaan sastra Sunda buhun, hususna ngamekarkeun pangaweruh ngeunaan carita pantun Sunda, analisis struktural, motif, sarta intertekstual nu aya dina karya sastra carita pantun.

1.4.2. Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan, nyaéta:

- 1) pikeun jadi référénsi jeung informasi keur akademisi dina nalungtik jeung ngeuyeuban karya sastra Sunda utamana carita pantun;
- 2) pikeun salasihiji référénsi keur guru/dosén sangkan bisa ngeuyeuban materi pangajaran ngeunaan sastra lisan atawa sastra buhun.
- 3) pikeun panalungtik nambahan pangaweruh jeung wawasan;
- 4) pikeun tambahan pangaweruh keur masarakat umum ngeunaan budaya jeung sastra anu aya di sabudeureunana.

1.5. Sistematika Panalungtikan

Sistematika dina ieu skripsi ngawengku lima bab nu diwincik sakumaha di handap.

Bab I Bubuka

Medar ngeunaan kasang tukang, masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan anu dibagi jadi dua nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus,

mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis sarta sistematika penulisan.

Bab II Ulikan Pustaka

Medar ngeunaan tiori-tiori nu jadi dadasar dina panalungtikan. Ieu bab eusina ulikan pustaka. Tiori-tiori nu dipedar di antarana ngeunaan tradisi lisan, carita pantun, motif, strukturalisme, jeung intertékstual. Lian ti éta, dina bab II dipedar ogé raraga mikir.

Bab III Metodologi Panalungtikan

Medar ngeunaan métode, desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan sarta analisis data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran

Medar hasil nu dicangking tina panalungtikan di antarana pedaran ngeunaan struktur carita pantun Lutung Kasarung jeung intertékstual dina carita Lutung Kasarung.

Bab V Kacindekan jeung Saran

Medar ngeunaan tafsiran panalungtik kana hasil analisis. Kacindekan medar ngeunaan jawaban tina rumusan masalah sarta saran nyaéta lajuning laku tina panalungtikan.